



**AJANDA ÓPÓTINITE 2015:
ASIRE JISTIS NAN PÈSEPSYON AK NAN REYALITE**

Re: Kodifikasyon Konplè, Règleman Inifòm sou Agresyon Seksyèl sou Kanpis kolèj yo

Dat: 17 janvyè 2015

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te prezante katriyèm pati nan “Ajanda Opòtinite 2015 li a” – yon pwopozisyon lwa pou pwoteje sekirite ak dwa tout etidyan ki nan kolèj ak inivèsite New York yo. Pwopozisyon an ta kodifye yon règleman repons ak prevansyon agresyon seksyèl ki te deja adopte pa Inivèsite New York, aplike pwovizyon yo a tout kolèj ak inivèsite - piblik ak prive- nan Eta New York.

Règleman SUNY se youn nan premye nan kalite sa nan peyi a e li pral kreye yon anviwonman ansèyman ak lavi ki pi ansekirite pou etidyan yo nan dekri atant spesifik ak konsistan sekirite ak responsabilite. Toulè 64 kanpis SUNY yo te adopte règleman an, sa ou ka jwenn okonplè [la](#), nan desanm 2014. Sistèm Inivèsite Vil New York te adopte tou yon politik menm jan pou konbat agresyon seksyèl ak repons kanpis nan tout lekòl CUNY yo.

Dapre Biwo Dwa Sivil Depatman Edikasyon, 11 kolèj ak inivèsite nan New York te anba investigasyon paske yo te mal jere plent sou agresyon seksyèl.

Byenke li aksepte jeneralman ke yo pa deklare tout agresyon seksyèl sou kanpis kolèj yo e pwoblèm lan pi plis pase chif yo sijere yo, chif ki disponib yo redoutab:

- Daprè done ki soti nan Depatman Edikasyon, kanpis kolèj yo rapòte preske 5,000 enfraksyon seksyèl fòse nan ane 2012 sèlman, ane ki pi resan ke done disponib. Nan moman sa a, te genyen 365 ofans seksyèl fòse ke yo te rapòte ki te pase sou kanpis nan Eta New York, 72 ladan yo te fèt nan vil New York;
- Youn sou senk fi te eksperimante vyòl pandan tan yo nan kolèj, dapre Enstiti Nasyonal Jistis;
- Omwen 1 sou 4 fi ki nan kolèj pral viktim agresyon seksyèl pandan karyè akademik li, dapre statistik Kowalisyon Kont Agresyon Seksyèl Eta New York te konpile;
- Yo te rapòte mwens pase 5% vyòl sou fi bay otorite lapolis yo, dapre Enstiti Nasyonal Jistis;
- Yo te estime ke nan 80-90% ka yo, viktim lan konnen atakan, dapre Rezo Nasyonal Ensès, Abi ak Vyòl [Rape, Abuse, and Incest National Network (RAINN)];

- Disnèf pousan pami fi ki nan kolèj ak sis pousan nan gason ki nan kolèj pral viktim tantativ oswa agresyon seksyèl ki fèt pandan karyè premye sik etid yo, dapre yon etid ki te fèt nan ane 2007 ki te finanse pa Enstiti Nasyonal Jistis;
- Fi yo ki nan kolèj gen yon pousantaj agresyon seksyèl ki pi elve pase kanmarad yo ki pa nan kolèj, dapre Enstiti Nasyonal Jistis.

Lwa Gouvènè a pral elaji règleman ak pwoteksyon SUNY nan tout kolèj yo ki nan eta epi asire ke tout etidyan kolèj yo nan eta, plis pase 1 milyon an total, pwoteje avèk pwosedi ak direktiv detaye konplè. Depi li fin lwa, règleman sa a prale lwen pou pwoteje plis etidyan nan New York.

Lwa a pral gen ladan:

- Yon sistèm definisyon nan tout eta sou konsantman afimatif kòm yon akò ki klè, san ekivòk, ak volontè ant patisipan yo pou angaje nan aktivite seksyèl spesifik;
- Yon politik amnisti nan tout eta, pou asire ke etidyan ki rapòte ensidan agresyon seksyèl oswa lòt vyolans seksyèl jwenn iminite pou sèten vyolasyon règleman sou kanpis, tankou itilizasyon dwòg ak alkòl;
- Yon deklarasyon Dwa Sivivan /Viktim Vyolans Seksyèl, kanpis yo pral gen obligasyon pou distribye bay tout etidyan yo nan fason pou enfòmè spesyalman viktim vyolans seksyèl yo sou dwa legal yo ak kijan yo ka jwenn resous ki apwopriye. Deklarasyon Dwa klèman deklare ke etidyan yo gen dwa pou yo konnen ke yo ka pote rapò bay lapolis andeyò kanpis la, sa ki gen ladan lapolis Eta;
- Egzijans fòmasyon konplè pou administratè yo, anplwaye, ak etidyan yo enkli nan nouvo oryantasyon etidyan.

Anplis de anonse règleman SUNY ane pase, Gouvènè a te lanse jodia yon nouvo sitwèb ki bay enfòmasyon enpòtan osijè prevansyon agresyon seksyèl ak repons sou kanpis kolèj yo nan yon fòm ki aksesib pou etidyan, paran, administratè ak lapolis. Spesifikman, sitwèb la bay resous pou etidyan yo aprann fason yo ka pwoteje tèt yo epi chèche èd lè sa nesèsè, epi jwenn done osijè tout agresyon seksyèl ak krim vyolan ki rapòte sou tout kanpis kolèj yo kap fonksyone nan Eta New York. Yo rapòte done a bay deptman Edikasyon Etazini. Ou ka jwenn aksè a sitwèb la nan <http://www.campuscrime.ny.gov>.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
 Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

We Work for the People

Performance * Integrity * Pride

Haitian Creole